# Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары – Туризм ҳәм мәдений мийрас министри Расул Зарикеев туризм тараўында өз искерлигин алып барып атырған бир қатар исбилерменлер менен ушырасыў өткерди.

2023-жыл 28-февраль күни Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары – Туризм ҳәм мәдений мийрас министри Расул Зарикеев туризм тараўында өз искерлигин алып барып атырған бир қатар исбилерменлер менен ушырасыў өткерди. Ушырасыўда дәслеп Расул Зарикеев бүгинги күнде туризм тараўын еледе раўажландырыў бойынша алға қойылған режелерди, атап айтқанда 2023-жыл туристлик мәўсимине таярлық көриў, жыл даўамында өткерилетуғын мәдений кеўилашар илажларды туристлерге кең ен жайдырыў ҳәмде шет ел базарларында Қарақалпақстанның туристлик потенциалын сәўлелендириў илажларын атап өтти.

Image not found or type unknown

Буннан соң, илаж қатнасыўшылары тараўда ушырасып атырған машқалаларды ҳәмде өз усынысларын айтып өтти. Солар қатарында “СТИХИЯ” фестивалиниң өткерилиў орны Өзбекстанның басқа аймағына көширилиў себепли Мойнақта туристлерди тартыўшы жаңа илажларды еңгизиў, сырт еллерде өткерилип атырған туристлик ярмарка ҳәм форумларында жергиликли туристлик кәрханалардың қатнасыўы, соның менен бирге тараўда жас кадрлар менен тығыс ислесиў олардың әмелий жақтан жантасыўы ҳәмде жаңа идеялар алмасыў бойынша усыныслар берилди.

Image not found or type unknown

Жоқарыда билдирилген пикир ҳәм усыныслар бойынша жуўапкер қәнигелерге тйиисли тапсырмалар берилди. Соның менен бирге исбилерменлер ҳәм туризм жөнелисинде билим алып атырған жаслар менен жақын арада кең көлемли ушырасыў шөлкемлестириў додаланып алынды.